ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ШОМАНАЙ РАЙОНЫ ҲӘКИМИНИҢ ШЕШИМИ

ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ШУМАНАЙ ТУМАНИ ҲОКИМИНИНГ ҚАРОРИ

№ 993/11

«13» - ноябрь 2017 ж.й

Социаллық қорғауға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў ҳаққында

Өзбекстан Республикасынын "Халықты жумыс пенен тамийинлеў ҳаққында"ғы Нызамы (Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Хабарнамасы, 1998-жыл 5-6-сан, 97-статья)ның 17-статьясы, "Өзбекстан Республикасында нәгиранларды социаллық қорғау ҳаққында"ғы Нызамы (Өзбекстан Республикасы Нызам ҳүжжетлери топламы, 2008-жыл 29-30-сан, 277-статья)ның 25-статьясы, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2008-жыл 20-августтағы 186-санлы қарары менен тастыйықланған "Социаллық қорғауға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў тәртиби ҳаққындағы Реже (Өзбекстан Республикасы Нызам хүжжетлери топламы, 2008-жыл 34-сан, 333-статья) тийкарланып Социаллық қорғауға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын Шоманай районында 2018-жыл ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў мақсетинде,

ШЕШИМ ЕТЕМЕН:

1. Өзбекстан Республикасыньң "Халықты жумыс пенен тамийинлеў ҳаққында'ғы Нызамының 17-статьясына тийкар Социаллық қорғауға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын райондағы кәрханалар, шөлкемлер ҳәм мекемелер ушын жумысшылардың дизим бойынша орташа санынан 73 адамды қурайтуғын 7,0 пайыз муғдарында, сол есаптан:

а) 14 жасқа толмаған балалары ҳәм нәгиран балалары бар жалғыз ҳәмде көп балалы ата-аналар ушын 31,5 пайыз - 23 адам;

б) билимлендириў мекемелерин тамамлап атырған жаслар ушын 39,7 пайыз - 29 адам;

в) муддетли әскерий хызметтен босатылғанлар ушын 16,4 пайыз 12 адам;

г) нәгиранлар ушын 4,1 пайыз - 3 адам;

д) районлық Бәнтликке көмеклесиу ҳәм халықты социаллық қоргаў орайында жумыс излеўши сыпатында есапта турған пенсия жасына жақынласып қалған шахслар ушын 1,3 пайыз - 1 адам;

е) жазаны орынлаў мекемелеринен азат етилген, жазаны өтеп атырған яки суд қарарына тийкар медициналық характердеги мәжбурий шаралар көрилген шахслар ушын 2,7 пайыз - 2 адам;

ж) басқалар ушын 4,1 пайыз 3 адам, сол есаптан мобилизациялық шақырыў резервине киритилген шахслар 1 адам, киши жастағы балалары болған ислемейтуғын ҳаяллар 2 адам, әтираптағылар ушын қәўипли болмаған социаллық аҳмийетли кеселликлер менен наўқасланған шахслар ушын, адам саўдасынан жәбирленгенлер ушын жумыс орынлары резерви белгиленсин.

2. 2017-жылда Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў лазым болған кәрханалар дизими 1-қосымшаға, Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыўды ҳәм оларды жумыс пенен тамийинлеўди шөлкемлестириў бойынша арнаўлы комиссия қурамы 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

3. Кәрхана, шөлкем ҳәм мекемелер басшыларына социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумыс пенен тәмийинлеў ушын 2017-жыл жуўмақланыўынан 10 күн алдын квота жумыс орынлары улыўма муғдарының кеминде 25 пайызы ушын, 2018-жылдың 10-апрелинен кешикпей жумыс орынларының калған бөлеги 75 пайызын қураў (ажыратыў яки бәнт етип қойыў) ҳаққындағы, яғный ҳәр бир квота тайпасы бойынша жумыс орынлары бәнт етип койылатуғын кәсиплер ҳәм лаўазымлар, қанийгеликлер кесиминдеги мағлыўматларды ҳәм шешим бойынша шығарылған буйырық нусқаларын районлық Бәнтликке көмеклесиў ҳәм Халықты социаллық қоргаў орайына усыныў ўазыйпалары жүклетилсин.

5. Усы шешим талаплары орынланбаған жағдайда мекеменің лаўазымлы шахсларына “Социаллық қорғауға мүтәж, жумыс табыўда кыйналатугын ҳәм мийнет базарында тең шәртлерде бәсекилесе алмайтуғын шахсларды жумысқа жайластырыў ушын жумыс орынларының ең кем санын белгилеў ҳәм резервке қойыў тәртибин еледе жетилистириў ис-иләжлери ҳаққында»ғы Реженің 15-бәнтине муўапық жарийма салынады.

6. Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2008-жыл 20-августтағы 186-санлы қарары менен тастыйықланған “Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў ҳаққында”ғы Режеге тийкар социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахслар ушын бәнт етип койылатуғын жумыс орынларын район ҳәкими тарепинен белгиленген муғдардан артықша шөлкемлестирген шөлкемлер усы жумыс орынларын шөлкемлестириўге сарыпланған қаржылардың бир бөлегин районлық бәнтликке көмеклесиў ҳәм Халықты социаллық корғау орайы менен дүзилген шәртнама тийкарында бәнтликке көмеклесиў ҳәм Халықты социаллық қоргаў орайы қоры қаржылары есабынан қаплаў ҳуқықына ийе екенликлери есапқа алынсын.

7. Районлық бәнтликке көмеклесиў орайы (Р.Галиакберов) усы

шешимди тийисли кәрхана ҳәм шөлкем басшыларына жеткизсин ҳәмде оның орынланыўы үстинен қатаң қадағалаўды тәмийинлесин.

8. Шоманай районы ҳәкиминин 2016-жыл 18-октябрь “2017-жыл социаллық жақтан қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған пуқараларды жумысқа орналастырыў ушын (Квота) жумыс орынларын бәнт қылып қойыў ҳаққында»ғы 580/10-санлы шешими «Шоманай нуры» 2016-жыл 31-октябрь № 20 (5286) 2017-жыл 31-декабрьден өз күшин жойытқан деп есаплансын.

9. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң орынбасары И.Алланиязовқа жүкленсин.

10. Бул шешим районлық «Шоманай нуры» газетасында рәсмий жарияланған күннен баслап күшке киреди.

Шоманай районы хәкими **Б.Янгибаев**

Qaraqalpaqstan Respublikasi Shomanay rayon Xokimi Ke'nsesi Idorasi

Копия верна

Шоманай районы ҳәкиминиң
2017 жыл «__»_____күнги
_____-санлы шешимине
1-қосымша

2017-жылда Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын жыл ушын бәнт етип қойыўы лазым болған кәрханалар дизими

К/Т	Кәрхана ҳәм шелкемлер аты	Ислеуш илер	Квота орынла	Категориялары									
				А	Б	В	Г	Д	Е	Ж	З	И	Й
1	Медицина бирлеспеси	654	26	6	1	2	2	1			1		
2	Шоманай районы жол хожалыгын кесип алып ислеу, онлау кәрханасы	48	4	1		2				1			
3	Абаданластырыу басқармасы	79	6	1		2	1		2				
4	Агроэкономика касип-өнер колледжи	60	2	1	1								
5	Ауыл хожалыгы касип-өнер колледжи	51	2	1		1							
6	Педагогика колледжи	58	2										
7	Маденият ҳәм спорт ислери болими	31	1	1									
8	Баркамал аулад орайы	23	1	1									
9	9-санлы улыўма билим бериу мектеби	36	2	1	1								
10	15-санлы улыўма билим бериу мектеби	47	2		1								
11	25-санлы улыўма билим бериу мектеби	35	1		1	1							
12	22-санлы улыўма билим бериу мектеби	34	1		1								
13	16-санлы улыўма билим бериу мектеби	43	2	1	1								
14	1 -санлы улыўма билим бериу мектеби	105	2	1	1								
15	31-санлы улыўма билим бериу мектеби	42	1	1									
16	27-санлы улыўма билим бериу мектеби	32	1	1									
17	7-санлы улыўма билим бериу мектеби	48	2	1	1								
18	19-санлы улыўма билим бериу мектеби	34	1		1								

19	17-санлы улыўма билим бериу мектеби	37	2		2								
20	26-санлы улыўма билим бериу мектеби	27	1			1							
21	33-санлы канийгелестирилген	35	1		1								
22	12-санлы улыўма билим бериу мектеби	24	2	1	1								
23	23-санлы улыўма билим бериу мектеби	29	1			1							
24	1-санлы мектепке шекемги билимлендириў мекемеси	24	1								1		
25	5-санлы мектепке шекемги билимлендириў	38	1	1									
26	2-санлы мектепке шекемги билимлендириў	42	1		1								
27	4-санлы мектепке шекемги билимлендириў	23	1		1								
28	8-санлы мектепке шекемги билимлендириў	29	1	1									
29	7-санлы мектепке шекемги билимлендириў	24	1			1							
30	11-санлы мектепке шекемги билимлендириў мекемеси	30	1			1							
	ЖАМИ:	**1822**	**73**	**23**	**29**	**12**	**3**	**1**	**2**	**1**	**2**	**0**	**0**

*Тусиндириу:

А-14-жасқа толмаған балалары, майып балалары бар жеке баслы ата-ана және көп балалы ата-аналар

Б-Билимлендириў мекемелерин тамамлап атырған жаслар ушын:

В-Мүддетли әскериу хызметтен босатылғанлар ушын

Г-Нәгиранлар ушын

Д - Районлық; Бәнтликке көмеклесиў орайында жумыс излеўши сыпатында есапта турған пенсия жасына жақынласып калған шахслар ушын;

Е-Жазаны орынлаў мекемелеринен азат етилген, жазаны өтеп атырған яки суд қарарына көре медициналық характердеги мәжбурий иләжлер көрилген шахслар ушын;

Ж-Мобилизациялық резервке киритилген пуқаралар;

3- Киши жаста баласы бар болған ислемей отырғанлар;

И- Адам саўдасынан жәбирленгенлер;

Й-Социалльқ аҳмийетли кеселликлер менен аўырып атырғанлар

Шоманай районы ҳәкиминиң
2017-жыл «__»_____күнги
____ -санлы шешимине
2-қосымша

Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыўды ҳәм оларды жумыс пенен тамийинлеўди шөлкемлестириў бойынша арнаўлы комиссия қурамы

1. И. Алланиязов - Район ҳәкиминиң орынбасары, комиссия баслығы
2. Р.Галиакберов - Районлық Бәнтликке көмеклесиў орайы директоры, комиссия хаткери
3. А.Сейтжанов - Районлық аймақты комплекс рауажландырыў бөлими баслығы, комиссия ағзасы
4. К.Ещанов - Өзбекстан Жаслар аўқамы, Шоманай районлық Кеңеси баслығы, комиссия ағзасы
5. Н.Жадигеров - "Мәхәлле" қайырқомлық жәмийетлик фонды районлық бөлими баслығы, комиссия ағзасы

Е с л е т п е : Комиссия ағзаларының лаўазымы өзгерген жағдайда, оның орнына сол лаўазымға тайынланған ямаса ўазыйпасын атқарыў жүклетилген шахслар киритиледи.